

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kabudayaan mangrupa salasihiji hasil pamikiran manusa anu asalna tina kabiasaanana nu aya di hiji masarakat. Luyu jeung pamadegan Koentjaraningrat (1978: 19), budaya téh nya éta sakabéh gagasan jeung karya manusa nu kudu dibiasakeun ku cara diajar ngeunaan hasil budi jeung karyana.

Unggal bangsa miboga kabudayaan, kitu deui urang Sunda salaku salasihiji sélér bangsa miboga kabudayaan anu ngajanggélék dina rupa-rupa sistem diantaranya sistem réligi, sistem kasenian, sistem kamasarakatan, jeung sistem pakasaban. Dina sistem religi contona aya upacara adat nadran jeung upacara mapag Déwi Sri. Kitu ogé dina sistem kasenian, unggal wewengkon tangtu miboga kasenian has sewang-séwangan luyu jeung kaayaan geografis sarta sosial budayana, contona kasenian lais ti Garut, kasenian sampyong ti Majalénka, kasenian kuda kosong ti Cianjur, jeung kasenian parebut sééng ti Sukabumi. Dina sistem kamasarakatan aya kabudayaan *gotong royong* kitu ogé dina sistem pakasaban aya kabudayaanna sorangan.

Kasenian mangrupa alat pikeun ngaéksprésikeun rasa jeung kahayang manusa nu dibarengan ku kréatifitas. Nurutkeun Raga (2007: 38), kasenian mangrupa alat pikeun ngébréhkeun idé-idé, ajén, kahayang, jeung rasa. Kasenian téh mangrupa hasil tina prosés cipta anu patali jeung unsur kréatifitas manusa nu mangrupa konsumsi psikologis. Kasenian téh aya sababaraha rupa diantaranya nya éta: seni rupa, seni tari, seni lukis, seni sastra, jeung seni musik.

Kabudayaan tumuwuh jeung mekar di hiji komunitas masarakat. Di Kabupatén Subang aya rupa-rupa kasenian tradisional diantaranya: sisingaan, genjring bonyok, dogér kontrak, genjring rudat, pantun, gembyung, jeung toléat.

Toléat mangrupa waditra anyar anu tumuwuh tur mekar di Kabupatén Subang nu kaasup kana waditra tiup. Toléat mimitina dijieun ku tukang angon nu ngaranna Parman ti daérah Pantura Subang. Waditra toléat salaku hasil kréatifitas

masarakat agraris. Dina ieu kasenian nyangkaruk ajén-inajén nu acan kapesék naon eusi nu aya dijerona, boh patali jeung sajarah boh patali jeung pintonan.

Kiwari, para nonoman Sunda leuwih migandrung kasenian anu asalna ti bangsa deungeun saperti band jeung akustik. Teu loba nonoman anu mikawanoh komo nepi ka migandrung kasenian tradisional anu jadi cirina sorangan téh nepi ka dianggap kampungan. Padahal éta kasenian mangrupa idéntitasna sorangan anu kudu diriksa. Lian ti éta, aya nu mikaresep seni ngan saukur kana senina hungkul teu maliré kana ajén-inajén anu nyangkaruk dina éta kasenian.

Sakola salaku salasihiji tempat méré jeung narima informasi sarta ngawanohkeun rupa-rupa hal pikeun ngamumulé kabudayaan anu kagambar dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD). Bahan ajar atawa materi ajar nya éta materi anu ditepikeun ka siswa salaku sarana pikeun ngahontal Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) (Depdiknas, 2003). Materi pangajaran (*instructional materials*) nya éta pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep anu kudu diulik pikeun ngahontal SKKD. Bahan pangajaran anu ditepikeun ku guru méh sarua ti waktu ka waktu. Ku kituna dibutuhkeun kaparigelan pikeun ngajembaran bahan pangajaran.

Panalungtikan nu geus dilaksanakeun ngeunaan kasenian Toléat, nya éta “*Teknik Permainan Toleat Gaya Asep Nurbudi di Kabupatén Subang*” ku Silvia Novianti jurusan Seni Musik UPI Bandung taun 2007 nalungtik ngeunaan téhnik mintonkeun toléat, jeung “*Repertoar Lagu Enko, Rincik manik, Waru Doyong pada Alat Musik Toleat*” ku Asep Nurbudi jurusan Karawitan STSI Bandung taun 2008 nalungtik ngeunaan repertoar lagu dina toléat patali jeung seni penciptaan waditra toléatna.

Tina pedaran di luhur tétéla yén ambahan kabudayaan lega pisan. Kiwari, loba masarakat anu teu wanoh kana kabudayaanana sarta ajén-inajén anu nyampak di jerona, nepi ka loba kabudayaan anu leungit lantaran taya *regenerasi*. Ku ayana éta pasualan sarta pentingna ngainventarisir kabudayaan, nu nulis miharep ieu panalungtikan téh bisa jadi bahan ajar pikeun ngawanohkeun tur nambahan pangaweruh sangkan para nonoman mikawanoh tur mikareueus kana kabudayaanana. Ku kituna panalungtikan anu judulna “*Ajén Éstétika Kasenian*”

Rita Rahayu, 2013

Ajén Éstétika Kasenian Toléat Di Kabupatén Subang Pikeun Bahan Pangajaran Nulis Ésséy Di SMA Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Toléat di Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Nulis Ésséy di SMA kelas XII” dianggap perlu diayakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kabupatén Subang, tempat tumuwuh jeung mekarnana ieu kasenian. Pedaran ngeunaan kasenian di Tatar Sunda téh lega pisan ambahanana ti mimiti ajén falsafah, ajén éstétika, ajén sosial, ajén moral, ajén agama, jeung ajén atikan. Ku kituna sangkan puguh pedaranana tur teu lega teuing, ieu panalungtikan baris diwatesanan nalungtik ngeunaan ajén éstétika nu nyampak dina kasenian toléat ku lantaran hiji karya seni pasti miboga kaéndahan di jerona, lain ngan saukur téhnik atawa répertoar lagu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran nulis esai di SMA kelas XII.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung pedaran di luhur, sangkan anu dianalisis jeung dipedar dina ieu panalungtikan puguh bahasanna, ieu di handap diébréhkeun rumusan masalahna, dina wangun patalékan:

1. Kumaha tumuwuh jeung mekarna kasenian toléat di Kabupatén Subang?
2. Unsur-unsur Seni naon waé nu aya dina kasenian toléat?
3. Kumaha prak-prakkan magelarkeun kasenian toléat?
4. Ajén éstétika naon waé nu nyampak dina kasenian toléat?
5. Luyu henteuna ajén éstétika kasenian toléat pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran nulis ésséy di SMA kelas XII ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum diayakeunna ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho ajén éstétika anu aya dina kasenian toléat di Kabupatén Subang, sangkan bisa dipikawanoh deui ku masarakat, nu dipiharep bisa numuwuhkeun jeung ngariksa budaya tur kasenian nu geus nyampak di masarakat sangkan teu leungit.

1.3.2 Tujuan Khusus

Anu jadi tujuan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskrupsikeun:

1. tumuwuh jeung mekarna kasenian toléat.
2. unsur-unsur seni naon waé nu aya dina kasenian toléat.
3. kumaha prak-prakanana kasenian toléat.
4. ajén éstétika anu nyampak dina kasenian toléat.
5. mikanyaho luyu henteuna ajén éstétika kasenian toléat pikeun dipaké alternatif bahan pangajaran nulis ésséy di SMA kelas XII?

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa ngawuwuhan paélmuan budaya Sunda, boh ngeunaan pangaweruh kabudayaan boh pikeun nambahan bahan pangajaran nulis ésséy.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan pikeun ngaronjatkeun pangaweruh masarakat ngeunaan ajén éstétika nu nyampak dina kasenian Toléat sangkan bisa ngariksa kasenian Toléat salaku warisan ti karuhun pikeun mikawanoh jati dirina sorangan, Ogé *diinventarisir* salaku hasil kabudayaan daérah Subang.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga skripsi, nya éta:

1. BAB 1: Bubuka medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, watesan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah anu baris ditalungtik.
2. BAB II: Kajian Tiori medar ngeunaan tiori-tiori anu dijadikeun dadasar dina ieu panalungtikan.

3. BAB III: Méthode panalungtikan ngabahas ngeunaan sumber data, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.
4. BAB IV: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan.
5. BAB V: Kacindekan jeung Saran.

